

Si ou bezwen plis enfòmasyon, kontakte:

**Liy Asistans pou Imigrasyon nan  
Leta Nouyòk**  
(212) 419-3737 oswa (800) 566-7636

Pou rapòte yon aktivite ilegal oswa pou anrejistre yon plent sou yon fwòd imigrasyon, kontakte:

**New York State Attorney General  
(Pwokirè Jeneral Leta Nouyòk)**  
(800) 771-7755

Pou anrejistre yon plent sou nenpòt lòt pwoblèm kliyan oswa si ou panse ou se yon viktim fwòd kont kliyan, kontakte:

**Konsèy pou Pwoteksyon Kliyan nan  
Leta Nouyòk**  
(800) 697-1220

Enfòmasyon ki nan bwochi sa a te adapte anpati apatide lòt resous USCIS ak New York City Department of Consumer Affairs (*Depatman Zafè Kliyan nan Vil Nouyòk*) te prepare.

Se

**Konsèy pou Pwoteksyon Kliyan  
nan Leta Nouyòk**  
*ki prepare bwochi sa a*

[www.nysconsumer.gov](http://www.nysconsumer.gov)

1-800-697-1220

## KONSÈY POU PWOTEKSYON KLIYAN NAN LETA NOUYÒK



# KOUMAN POU EVITE FWÒD NAN IMIGRASYON



[www.nysconsumer.gov](http://www.nysconsumer.gov)

1-800-697-1220

## Fè Atansyon a Fwòd nan Imigrasyon

Estandone lwa sou imigrasyon yo tèlman konplike, gen anpil moun ki bezwen asistans lè yo gen pou yo pran kontak avèk U.S. Citizenship and Immigration Services (*Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ozetazini*, USCIS).

Byenke gen anpil biznis ki ofri bon jan asistans bay imigran yo, gen lòt ladan yo ki nan magouy, ki nan fè fwòd e ki eksplwate imigran yo. Kidonk, si ou kontakte yon biznis pou w jwenn asistans nan men li, li enpòtan pou w pwoteje tèt ou.

Consumer Protection Board (*Konsèy pou Pwoteksyon Kliyan an*, CPB) nan Leta Nouyòk devlope gid sa a pou ede imigran yo defason pou yo konnen ki dwa yo genyen e pou evite fwòd ki rive souvan ke biznis k ap bay asistans imigrasyon yo konn fè.

## Kisa yon « Founisè Asistans Imigrasyon » ye?

Immigration assistance providers (*Founisè asistans Imigrasyon*, ASP) ede nan zafè ki gen pou wè ak sitwayènte, estati rezidan, elijiblite pou travay ak sèvis ak benefis gouvènman. Yo pa avoka e jeneralman yo pa gen avoka k ap sipèvize sa y ap fè nonplis. Kidonk, yo pa ka reprezante w nan pwosedi imigrasyon yo.

## Kouman pou Evite pou Vin Yon Viktim Fwòd Imigrasyon:

- **PIGA** siyen okenn papye ki blanch, okenn aplikasyon ki pa ranpli, okenn petisyon oswa lòt dokiman ki pa gen okenn enfòmasyon ladan yo.
- **PIGA** siyen okenn dokiman ou pa konprann.
- **PIGA** siyen okenn dokiman ki gen fo enfòmasyon ladan l oswa ki gen enfòmasyon ki twonpe.
- **SE POU** ou asire w ke ou li e ke ou konprann tout dokiman yo anrejistre pou ou yo e ke yo reponn tout kesyon w genyen yo onètman.
- **SE POU** ou fè fotokopi tout dokiman yo prepare yo oswa ke yo soumèt pou ou yo.
- **SE POU** konnen ke ou ka anile alekri yon kontra pou sèvis sou twa jou ouvrab e ke y ap ba w ranbousman konplè.
- **SE POU** ou gen resi pou tout peman ou fè yo, epi se pou kenbe prèv peman yo.
- **SE POU** ou verifye ke avoka w la gen lisans oswa ke reprezantan akredite w la se yon moun ki otorize pa BIA pou l reprezante w.

Ou ka chwazi tou pou w gen yon avoka ki gen konesans nan lwa imigrasyon, pou l reprezante w nan zafè imigrasyon w yo. Se pou avoka a yon manm nan bawo a ki gen yon bon konduit. Mande avoka a pou l ba w dokiman sou lisans avoka l la ki pi resan an oswa kontakte otorite admisyon nan bawo a pou verifike kalifikasyon l (New York State Unified Court System [*Sistèm Tribinal Inifye nan Leta Nouyòk*], Attorney Registration Unit [*Seksyon Anrejistreman Avoka*] nan (212) 428-2800).

### Fè Atansyon ak Notè yo

Nan sèten peyi, mo « notario » a vle di moun ki se yon avoka. Nan peyi Etazini, yon « notario » oswa « notè piblik » pa yon avoka e li pa otorize pou l bay konsèy legal. Sa yon « notario » oswa « notè piblik » ka fè se verifike idantite w epi sèvi kòm temwen pou siyati w.

**Fwòd ki rive souvan** ke ASP malonèt yo ak lòt moun k ap pran avantaj imigran yo konn fè:

- Pran pòz yo se ajan imigrasyon federal epi ap ofri tretman oswa sèvis espesyal.
- Pwomèt VIZA pou travay oswa pou anplwa ke yo pa ka bay vrèman.
- Fè fo pwomès ke yo ka jwenn tretman espesyal nan USCIS pou kliyan yo.
- Fabrike epi vann fo kat Sekirite Sosyal, lisans, paspò ak lòt dokiman.
- Reprezante tèt yo kòm reprezantan akredite oswa kòm avoka lè anreyalite se pa sa yo ye vre.
- Ofri sèvis epi pran lajan nan men kliyan yo epi apresya disparèt.

### Dapre lwa Leta Nouyòk, ASP Imigrasyon yo FÈT POU:

- Bay yon kontra eki nan lang angle ak nan lang kliyan an pi byen konprann nan. Se pou kontra a liste tout sèvis, frè ak konbyen kòb li pral chaje kliyan an, epitou se pou l gen non, adrès ak nimewo telefòn biznis la ladan l. Se pou kontra a deklare ke ASP a pa ka revele okenn enfòmasyon oswa anrejistre okenn dokiman san konsantman kliyan an.
- Pèmèt kliyan an anile kontra a alekri sou twa jou ouvrab epi pou l resevwa ranbousman konplè si l anile l nan peryòd delè sa a. Ou ka anile kontra yo tou apre twa jou ouvrab, sepandan, ou pral pèdi nenpòt frè sèvis ou te deja peye.
- Afiche yon pankat yon kote pou tout moun ka wè li epi mete tou nan anons piblisite, nan lang yo itilize pou bay sèvis yo, yon deklarasyon ki fè konnen ke founisè sèvis la pa yon avoka oswa li pa gen akreditasyon nan men Board of Immigration Appeals (*Konsèy Dapèl nan domèn Imigrasyon*) an ki nan US Department of Justice (*Depatman Lajistis Ozetazini*) e se pou enfòmasyon y ap afiche a oswa y ap mete nan anons piblisite yo deklare tou ke founisè a pa ka bay konsèy legal.
- Kenbe kopi tout dosye ak dokiman yo prepare yo oswa yo obteni pou kliyan an pandan twazan, epi bay kliyan an kopi yo lè l mande yo e san ke l pa peye yon frè pou yo.
- Kenbe yon asirans kosyon de \$50.000.

### Kisa yon « Reprezantan Akredite » ye?

Yon reprezantan akredite otorize pou reprezante w nan pwosedi imigrasyon yo. Yon reprezantan akredite dwe travay pou yon òganizasyon ke Board of Immigration Appeals (*Konsèy Dapèl nan domèn Imigrasyon*, BIA) ki nan Depatman Lajistis Ozetazini rekonèt pou l bay konsèy legal sou zafè imigrasyon e pou l pratike devan Department of Homeland Security (*Depatman Sekirite Teritwa a*), devan tribinal ki okipe zafè Imigrasyon yo, ak devan Konsèy la. Nan pifò ka yo, yon reprezantan akredite pa yon avoka.

Anvan ou travay avèk yon reprezantan akredite, ou dwe mande pou yo montre w desizyon BIA te pran an pou akòde yo estati akreditasyon an oswa ou dwe kontakte BIA dirèkteman nan (703) 305-9029 pou mande pou enfòmasyon sa a.